



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 25 jen 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO VOYE ASIYASYON KONPARISYON POU PWOPRIYETÈ KAY POU ANKETE
SOU ALEGASYON ASÈLMAN AK ENTIMIDASYON LOKATÈ NAN NÒ MANHATTAN AK NAN BRONX**

Inite Daksyon pou Pwoteksyon Lokatè Ap Aplike Dwa Lokatè ki Anrèg nan Vil New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) ki fèk fòme a te voye yon asiyasyon konparisyon pou Castellan Real Estate Partners/Liberty Place Property Management, yon pwopriyetè/manadjè apeprè 1.700 apatman -- nan plis pase 35 bilding diferan -- ki sitiye sitou nan Harlem, Washington Heights ak Sid Bronx. Asiyasyon an pote prensipalman sou asèlman ak entimidasyon yo rapòte pwopriyetè kay ap fè sitou sou lokatè imigran ki pale panyòl nan bilding pwopriyetè a fèk achte.

“Pwopriyetè k ap asele lokatè eki angaje nan fè menas entimidasyon pap chape anba men lajistis nan eta sa, pwèn final,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nou te kreye Inite Pwoteksyon Lokatè a pou objektif sa preziman ki se defann lokatè kap sibi espwatasyon anba men move pwopriyetè. Ankèt sa voye yon mesaj klè pou tout pwopriyetè k ap eseye pran avantaj nan espwate sila yo ki pa pale angle ouben mete lokatè deyò nan kay yo ak menas.”

Men sa ki nan akizasyon yo ki mennen nan ankèt la ak asiyasyon an: yo pa bay kontra renouvèlman; fo frè sou deklarasyon lokasyon endividyèl lè lokatè gen resi pemanyo; epi yo voye bay lokatè fich ransèyman ki mande yo bay dokiman ki pwouve salè yo, ak tou stati imigran yo, sa ki ilegal pou fè ak moun ki gen kontra lokasyon deja. Nan lòt ka, yo rapòte anwaye pwopriyetè a pèsònèlman menase lokatè, di yo y ap mete yo deyò akòz stati imigrasyon yo ouben mank prèv sou revni adekwa. Lokatè te esplike tou presyon y ap resevwa pou asepte yo reachte nan move kondisyon pou yo kite kay ki reglemante yo epi abandone dwa yo atravè yon akò ki ekri nan lang angle sèlman - yo bay lokatè ki pa kapab li angle.

“Nou konnen twaka pwopriyetè lojman reglemante se bon biznisman, ki konnen yo pap tire anyen nan aksyon prejudisyab ak ilegal pou konvèti apatman epi fòse lokatè kite,” te deklare Darryl C. Towns, Komisyonè/CEO New York State Homes and Community Renewal (HCR). “Travay TPU a jounen jodi a, voye yon mesaj fò pou pwopriyetè sa yo ki fè esepsyon yo pou di yo grasa lidèchip Gouvènè a, yo anba siveyans pi sere.”

Anplis li mande papyè lokasyon apwopriye, asiyasyon an mande tou enfòmasyon sou aktivite biznis ak investisman pwopriyetè a sou baz pwomès yo fè investisè pou tounen 15% pwofi atravè acha bilding reglemante yo te dekri bay investisè kòm kwa yo te "mal jere" anvan sa.

Haitian Creole

Senatè Eta a Adriano Espaillat, ki travay kom manm ranking member Komite Devlopman Lojman, Konstriksyon ak Kominote Sena a, te di konsa, “Asèlman pwopriyetè ap chase lokatè nan kay yo, epi pwovoke pèt lojman bon mache critical. Konpòtman predatè Castellan/ Liberty Place Management anvè imigran fèb revni repreyansib, epi mwen kontan anpil jounen jodi a nou genyen Inite Pwoteksyon Lokatè a pou ankete sou abi sa. Aksyon Gouvènè Cuomo yo pral ede sove Nouyòkè vilnerab atravè vil la, epi mwen remèsye li poutèt li kanpe pou lokatè ki nan lwaye reglemante.”

Manm Asanble Keith Wright, Prezidan Logman Asanble a, te di konsa, “Dapre gwo akizasyon grav sa yo, sekirite ak stabilite plis pase 1.700 moun ak fanmi seryezman menase. Mwen felisite Gouvènè a ak TPU a pou aksyon rapid yo pou pwoteje lokatè sa yo epi fè yon pwopriyetè rann kont pou move zak li. Men yon mesaj pou pwopriyetè: ou pral gen pou reponn pou konpòtman abiziv ak eligal anvè lokatè.”

Nan preparasyon asyon pou aplike lalwa, anketè TPU yo te travay ak yon gwoup dwa lokatè lokal epi te rankontre ak plizyè nan lokatè yo ki te bay prèk asèlman ki rapòte yo.

Juan Haro ki nan Movement for Justice in El Barrio te di konsa, “Lokatè sa yo ap pran aksyon ankourajan kont sila yo ki tap eseye espwate kominote imigran Lanino ak sèten rezidan vilnerab eta nou an. Nou kontan anpil pou n travay ak TPU a sou ka sa, epi sou lòt ka alavni ki pral pote jistis pou lokatè.”

Benjamin Dulchin ki soti nan Association for Neighborhood and Housing Development, Inc. (ANHD) te di konsa, “Mwen remèsye Gouvènè a pou aktivasyon rapid TPU a, poutèt y ap esye anpeche yo chase lokatè sa yo ilegalman. Dèske n ap travay ansanm ak lokatè ak Eta a, nou ka bay garanti pwopriyetè ki pwomèt investisè retou gwo pwofi akoutèm grasa kay yap vide ilegalman pap ka elimine kantite kay reglemante. Pwopriyetè pa ka asele ak entimide volontèman lokatè pou mete yo deyò epi transfòme apatman yo nan inite nan pri mache a. Gwoup lokatè pare pou yo travay ak TPU a pou stope kalte abi sa.”

Maggie Russell-Ciardi ki nan Tenants & Neighbors te di konsa, “Nou aplodi Gouvènè a ak TPU a pou metòd pwoaktif yo nan ankèt y ap mennen sou plent asèlman lokatè sa yo.”

Lwa sou lokasyon Eta New York, ki te ranfòse nan lane 2011, konsevwa pou l pwoteje apeprè yon milyon rezidan ki nan lòjman reglemante. Gouvènè Cuomo te kreye TPU a nan lane 2012, ki te kòmanse aplike lwa sou lokasyon eta a yon manyè pwoaktif - epi te jwenn rezilta. Nan twaka aktivite li, TPU a te menmen yon audit rrandom sou pwopriyetè bilding ki pa te anrejistre pwopriyete yo nan kat dènye ane ki sot pase yo jan lwa mande sa. TPU a te mande pwopriyetè prèk travay ki te fèt nan kad amelyorasyon apatman ki monte lwaye tèt nèg, epi yo te itilize nan tan pase pou deplase inite soti anba reglemantasyon. Se premye fwa asiyasyon al jwenn pwopriyetè ki pa respekte demann TPU pou yo pote prèk amelyorasyon apatman sa yo. Kòm konsekans aksyon sa yo, apeprè 500 pwopriyetè ak 1.000 apatman te kontwole epi fèmen jiska 2.000 bilding ak 20.000 apatman te reanrejistre epi tounen nan rejis lwaye stab.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418